jullil taxaw, boo ko manul nga toog, boo ko manul nga wetu

Jële na ñu ci Imraan Ibn Husayn -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: damaa amoon ay góom, ma laaj Yónente bi -yal na ko Yàlla xéewal ak mucc- ci lu jëm ci julli, mu ne ma: «jullil taxaw, boo ko manul nga toog, boo ko manul nga wetu».

[Wér na] [Al-buxaariy soloo na ko]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- leeral na ne cosaan ci julli mooy taxaw, lu dul ne manu ko mu julli toog, bu ko manul mu julli tëdde wet.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/10951